Chè Rezidan:

Mèsi pou tout sa w ap fè pou kenbe kominote NYCHA a ak tout rezidan New York yo an sekirite ak an sante pandan moman kriz sa a.

NYCHA ap travay 24 sou 24 pou asire rezidan yo kontinye resevwa sèvis esansyèl yo; pou ba ou pi bon pratik pou COVID-19 nan men ofisyèl nasyonal, eta, ak lokal; epi pou ba ou enfòmasyon sou chanjman n ap fè nan regleman ak sèvis NYCHA yo, selon enfòmasyon w ap resevwa yo.

Tanpri pran san w pou w egzaminen dènye chanjman sa yo.

Sèvis ak Sispansyon

Pandan nou sispann **tout entèripsyon chofaj, dlo cho, ak dlo ki planifye yo jiska nouvèl òd,** ekip chofaj ak asansè espesyal yo, ak lòt ekip ou ijans yo, kontinye ofri pwoteksyon ak reparasyon 24 sou 24.

Manm pèsonèl NYCHA a pral kontinye reponn ak fè lòd travay pou **IJANS** ki defini yo **pa pwoblèm chofaj ak dlo cho, fuit dlo, fuit ak sant gaz, inondasyon, entèripsyon, pwoblèm elektrik, pwoblèm rat anndan kay, anpil pinèz ak sourit,** ak lòt danje.

Epitou, NYCHA ap reponn lòd pou travay yo pou korije pwoblèm espesifik sa yo:

- Pa gen kouran nan tout apatman an
- Gen pàn kouran nan yon pati ki afekte kizin ak twalèt yo
- Pa gen kouran pou ekipman ki kenbe moun an vi
- Kabinèt yo ap sot tonbe sou mi yo
- Fou ak frijidè yo pa mache
- Detektè lafimen/moniksid kabòn yo pa mache
- Pwoteksyon fenèt manke/lach
- Pòt apatman an pa mache

Nou pral reponn lòd travay ki gen rapò avèk entèfon ak pòt lòbi yo, epi nou pral bay plat cho pou rezidan ki pa gen gaz yo.

An plis, NYCHA ap fè sèten lòd travay enpòtan si se akòz yon lòd tribinal, yon lòd komisè pou diminye oswa lòt vyolasyon, oswa nan pwòp pwosesis konfòmite nou.

NYCHA ap kontinye antre nan apatman rezidan yo rezoud pwoblèm plon, ak kolekte echantiyon pousyè, sèlman nan itilize nan 92 devlopman kote nou sipoze gen penti abaz plon ak yon timoun ki poko gen sis (6) lane ki abite oswa k ap vizite ak/oswa tès rezilta XRF la te pozitif nan nenpòt ki devlopman, kit yo gen yon timoun ki poko gen sis (6) lane ki abite oswa k ap vizite ou pa.

Epitou, n ap fè enspeksyon mwazi epi, si nou jwenn mwazi, n ap fè travay pou rezoud pwoblèm nan ak reparasyon. Nou sispann fè penti ki gen rapò ak mwazi.

Epitou, n ap reponn, epi fè suivi pou nenpòt rat ki anvayi kay la, epi yo te idantifye ki gen anpil pinèz ak sourit. Nou te sispann tout enspeksyon ak tretman regilye pou tibèt (tankou NPII ak Soulajman Sible) epi nou pral fè travay nan espas komen yo ak sousòl yo kòm yon pati nan Inisyatif Bilding Pwòp nou an.

Rezidan yo ka rele CCC nan 718-707-7771 si yo bezwen mande yon reparasyon ann ijans. Gen reprezantan fòme ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Pwoteksyon pou rezidan ak anplwaye yo

Moun ki pa gen sentòm yo ka toujou simaye COVID-19. Semèn sa a, DOHMH, ansanm ak ofisyèl sante Federal ak Eta yo, te bay rekòmandasyon ki di lè ou mete yon pwoteksyon ki kouvri figi ou, ou ka ede simaye COVID-19 bay lòt moun. Yon pwoteksyon ki kouvri figi ou kapab nenpòt bagay ki kouvri nen ou ak bouch ou, tankou mask pou pousyè, foula, ak mouchwa.

Se poutèt sa, n ap mande tout rezidan NYCHA yo: tanpri mete yon pwoteksyon pou figi ou lè ou kite lakay ou, epi nenpòt ki lè manm pèsonèl NYCHA yo oswa lòt vizitè antre nan apatman ou.

Manm pèsonèl NYCHA k ap vizite apatman rezidan yo pou fè sèvis ak reparasyon yo ki anwo a pral bezwen pran mezi **mezi prekosyon avan yo antre, ki gen mete mask nan figi ak lòt kouvèti pwoteksyon, pou mande rezidan yo sou sante yo, ak kenbe yon bon distans ak lòt moun - sis (6) pye oswa plis --- ak lòt moun nan apatman an.**

An plis, nou rekòmande pou rezidan yo mande manm pèsonèl yo sou sante yo tou, avan yo kite yo antre nan apatman yo. Si nenpòt moun lakay ou pa santi li byen, NYCHA ap mande pou fanmi yo rete nan yon chanm apa ak pòt la fèmen, jiskaske reparasyon an fini. Si pa gen yon chanm apa, n ap mande pou manm pèsonèl yo ak rezidan yo kenbe yon distans omwen sis (6) pye youn ak lòt, jiskaske reparasyon an fini.

Manm pèsonèl yo ka louvri yon fenèt nan apatman an tou pou kite plis van antre pandan reparasyon an.
Si rezidan an chwazi pa kite yon manm pèsonèl antre nan apatman an, oswa li pa suiv enstriksyon sa yo, manm pèsonèl la pral travay ak sipèvizè li po repwograme randevou a.

Tanpri note, nan kèk ka ijan, manm pèsonèl NYCHA yo ka bezwen antre kanmenm, ak èd Zòn Sèvis Polis (Police Service Area, PSA) NYPD local oswa lòt sekouris si lavi yon rezidan an danje oswa yo bezwen aji vit paske gen yon pwoblèm sekirite tankou yon liy gaz ki an pàn.

Nou pral kontinye mete enfòmasyon sou COVID-19 disponib nan imèl, apèl nan telefòn, wobo otomatik, ak pano nan tout devlopman nou yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri al gade nan www.nyc.gov/nycha, epi telechaje aplikasyon MyNYCHA a, pou fini tranzaksyon w lan epi resevwa notifikasyon otomatik yo.

N ap di w yon gwo mèsi pou koperasyon ak sipò ou kontinye bay nou. Ansanm, nou ka kenbe kominote NYCHA nou an sekirite ak an sante.